

Prevansyon Abi ak Neglijans sou Timoun



Nan peyi Etazini, tout jèn moun kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, gen pwoteksyon selon lalwa. Lwa sa yo prevwa pwoteje timoun yo kont eksplwatasyon, mekanste, ak danje.

Abi sou timoun se lè yon paran oswa yon moun k ap bay yon timoun swen fè yon bagay malfezan oswa lè li pa fè sa l dwe fè pou asire sekirite yon timoun, sa ki mete timoun lan nan gwo danje. Genyen kat (4) kalite abi:

- **Abi Fizik** – se lè yo itilize vyolans fizik pou disipline yon timoun, sa ki souvan lakoz blesi nan kò timoun nan
- **Abi Vèbal** – se lè yo menase, joure, oswa meprize yon timoun
- **Abi Emosyonèl** – se lè yo refize bay yon timoun sipò emosyonèl, lanmou, oswa laswenyay
- **Abi Seksyèl** – se lè yo tizonnen, manyen, vyole, oswa itilize yon timoun pou zafè sèks

Neglijans se lè yo pa reponn ak bezwen fizik yon timoun (tankou ba li rad, manje oswa abri), bezwen emosyonèl, bezwen edikatif, oswa bezwen medikal li.

Si w se yon paran oswa moun k ap okipe yon timoun, men kèk konsèy pou w evite abi sou timoun:

- Aprann konpòtman ki apwopriye pou timoun yo selon laj yo.
- Bay timoun w ap okipe yo bon abitud. Lè w refize bay timoun yo manje, yon bon nuit repo, oswa swen doktè, se neglijans.
- Devlope konpetans nan zafè edikasyon timoun ak teknik disiplin ki apwopriye.
- Pran swen tèt ou: jwenn yon moun pou w pale pou w ka pran yon poz, oswa kontakte yon liy sipò pou paran.

Moun sa yo se moun, poutèt pwofesyon yo, lalwa mande pou siyale nenpòt soupson abi oswa neglijans sou timoun bay otorite ki konpetan yo. Moun sa yo gen ladan yo travayè sosyal, pwofesè lekòl, edikatè, konseye ak terapeyèt yo, epi pwofesyonèl medikal yo.

Pou timoun yo ak adolesan yo: Si yo ap abize nou, maltrete nou, oswa neglijè n, nou kapab chèche èd nan lekòl nou an, komisarya yo, ponpye, klinik yo, oswa lè nou kontakte yon granmoun nou fè konfyans. Epitou, nou kapab rele **Liy Asistans Nasyonal pou Abi sou Timoun (1-800-422-4453) pou nou jwenn èd.**

Si w vle jwenn plis enfòmasyon, Ale sou sitwèb Sant Resous nou genyen pou Timoun ki Pa Gen Moun Akonpaye yo a, ki se: ucresourcecenter.org.